



FÒM APLIKASYON AK VERIFIKASYON POU MANJE LEKÒL GRATIS OSWA BON MACHE

ANE AKADEMIK _____ - _____

DIREKTIV POU DISTRI LEKÒL YO

Pake sa a gen ladan:

Enfòmasyon **obligatwa** yo dwe bay pou yon kay:

- Lèt pou voye nan kay yo
- Aplikasyon pou Manje Lekòl Gratis oswa Bon Mache

Dokiman pou enfòme sou verifikasyon elijibilite:

- Avi pou voye pou Notifeye Seleksyon pou Verifikasyon Elijibilite
- Lèt Rezulta Verifikasyon an bay

Dokiman anrapò ak aplikasyon yo kapab voye nan kay yo men ki **pa obligatwa**:

- Kominikasyon Enfòmasyon bay Medicaid/SCHIP
- Kominikasyon Enfòmasyon bay Lòt Pwogram

Paj yo fèt pou enprime sou fèy $8\frac{1}{2}$ " pa 11". Yo mèt enprime sèten paj rekto vèso. Ou pral genyen pou w idantifye avantaj ki ofri nan lekòl pa w, tankou manje nan pwogram apre-lekòl. **[Kote ki gen kwochè an karaktè gra yo]** vle di se kote pou ou mete enfòmasyon espesyal sou distri lekòl la. Pa egzanp, ou dwe mete nimewo telefòn gratis distri pa ou la pou ede nan verifikasyon sou dokiman verifikasyon yo. Si chanjman pa te fèt nan dokiman sa yo pou mete anndan yo non pwogram pa ou nan Eta a pou Èd Tanporè bay Fanmi ki Nan Nesesite (*Temporary Assistance to Needy Families*) (TANF), pou Pwogram Asirans Maladi pou Timoun nan Eta a (*State Children's Health Insurance Program*) (SCHIP), oswa si li aplikab, pou mete nan yo Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèv Endyen yo (*Food Distribution Program on Indian Reservations*) (FDPIR), ou dwe mete enfòmasyon sa yo jan yo dwe ye a. Si w fè lòt chanjman anplis, ou dwe soumèt pake pou aplikasyon ou nan bay biwo Eta pa ou la pou apwobasyon.

Premye egzanp pake pou aplikasyon sa a gen ladan enfòmasyon konsènan privilèj lojman yo pa konsidere pou moun sa yo ki nan pwogram Inisyativ Privatizasyon Lojman pou Militè (*Military Housing Privatization Initiative*). Si sa pa gen rapò ak distri lekòl pa ou, tanpri chanje l pou mete l jan l dwe ye.

Si w gen kesyon, kontakte:

[State agency address]

Chè Paran/Reskonsab:

Timoun bezwen manje ki bon pou lasante pou yo ka aprann. [Name of School] ofri manje ki bon pou lasante chak jou lekòl. Manje maten koute [\$]; manje midi koute [\$]. Timoun pa ou ka petèt kalifye pou manje gratis oswa manje bon mache. Pri yo bon mache yo se [\$] pou manje maten ak [\$] pou manje midi.

1. Èske mwen oblige fè yon aplikasyon pou chak timoun? Non. Fin ranpli nèt aplikasyon pou manje gratis oubyen bon mache a. Sèvi ak yon sèl Aplikakasyon pou Manje Gratis oswa bon mache pou tout élèv ki lakay ou. Nou pa ka apwouve yon aplikasyon ki pa fin ranpli, kididonk veye aske ou mete tout enfòmasyon yo mande yo. **Voye aplikasyon ou fin ranpli nèt la nan: [name, address, phone number].**

2. Kilès ki ka benefisyé manje gratis? Timoun ki nan kay k ap resevwa Food Stamps oubyen TANF nitou pi fò timoun yo mete nan fanmi akèy yo (foster) kapab resevwa manje gratis san gade sou revni ou genyen. Timoun ou yo kapab jwenn manje gratis tou si revni k ap antre nan kay ou twouve li nan limit ki mande yo bay manje gratis ki nan Gid Federal sou Revni.

3. Èske timoun ki san kay, timoun ki sove yo ak timoun ki deplase al viv lwen kay pa yo ka benefisyé manje gratis? Tanpri rele [school, homeless liaison or migrant coordinator] pou ou konnen si timoun ou (yo) kalifye, sizanka yo pa te di w li/yo pral resevwa manje gratis.

4. Kilès ki ka jwenn manje bon mache? Timoun pa ou yo ka jwenn manje bon mache si revni k ap antre lakay ou twouve li nan chif ki di bay manje bon mache ki nan Tablo Federal sou Revni yo mete nan aplikasyon sa la a.

5. Èske mwen dwe fè yon aplikasyon si mwen te resevwa yon lèt pou ane akademik sa a ki di timoun mwen yo apwouve pou yo resevwa manje gratis oswa bon mache? Tanpri, byen li lèt ou te resevwa a epi swiv enstriksyon yo. Telefonnen lekòl la nan [phone number] sizanka w gen kesyon.

6. Mwen nan pwogram WIC. Èske timoun mwen (yo) kapab resevwa manje gratis? Timoun ki nan kay ki nan Pwogram WIC kapab elijib pou manje gratis oubyen bon mache. Tanpri, ranpli yon aplikasyon.

7. Èske yo pral verifye enfòmasyon mwen bay yo? Wi, nou ka mande pou w voye prèv ekri.

8. Si mwen pa kalifye kounyeya, èske mwen ka aplike yon lòt lè? Wi. Ou kapab aplike kenenpòt lè pandan ane akademik la si kantite moun andedan kay ou ogmante, revni yo diminye, oswa si w koumanse resevwa Food Stamps, TANF oswa lòt asistans yo. Sizanka w pèdi djòb ou, timoun ou yo ka gen posiblite resevwa manje gratis oswa bon mache.

9. E si mwen pa dakò ak desizyon lekòl la pou aplikasyon mwen an? Ou ta dwe pale ak reskonsab lekòl la. Ou ka mande yon reyinyon pou yo tandé ka w la; telefonnen oswa ekri nan: [name, address, phone number].

10. Èske mwen ka aplike si yon moun nan kay mwen pa sitwayen ameriken? Wi. Ni oumenm ni timoun ou (yo) pa oblige sitwayen ameriken pou kalifye pou manje gratis oswa bon mache.

11. Kilès mwen dwe mete kòm moun k ap viv nan kay mwen? Ou oblige mete tout moun ki abite nan kay ou, ni fanmi ni sa k pa fanmi (kòm pa egzamp granmè ak granpè, lòt fanmi, oswa zanmi). Ou dwe mete pwòp tèt pa ou epi tout timoun ki abite ansanm avèk ou.

12. E si revni mwen pa toujou menm valè? Mete valè ou toujou resevwa a. Pa egzanp, si nòmalman ou fè \$1000 chak mwa, men ou te rate kèk jou travay mwa pase epi ou te fè \$900 sèlmann, mete ou fè \$1000 pa mwa. Si w fè ovètaym regilyèman, ajoute l iladan, men pa mete l si se yon lè konsa sèlman.

13. Nou nan lame, èske se pou nou mete èd pou lojman nou kòm revni? Si lojman ou fè pati pwogram Inisyativ Privatizasyon Lojman pou Militè (*Military Housing Privatization Initiative*), pa mete alokasyon pou lojman sa kòm revni. Tout lòt alokasyon yo dwe antre nan revni brit ou.

Si w gen lòt kesyon oswa w bezwen yo ede w, rele nan [phone number].

Si necesita ayuda, por favor llame al teléfono: [phone number].

Si vous voudriez d'aide, contactez nous au numero: [phone number].

Sensèman,
[signature]

ENSTRIKSYON POU RANPLI APLIKASYON**Si w resevwa FOOD STAMPS OUBYEN TANF nan kay ou, suiv direktiv sa yo:**

Pati 1: Mete non timoun (yo), lekòl, gred, ak yon nimewo dosye Food Stamps oswa TANF.

Pati 2: Tcheke nan ti kare ki koresponn nan, si nesesè.

Pati 3: Sote pati 3 a.

Pati 4: Sote pati 4 la.

Pati 5: Siyen fòm nan. Yon Nimewo Sekirite Sosyal pa nesesè.

Pati 6: Reponn kesyon 6 la si w vle reponn li.

**Tcheke nan ti kare ki koresponn avèk ou an epi kontakte [your school, homeless liaison, migrant coordinator].
Swiv direktiv yo bay pou ranpli aplikasyon pou TOUT LÒT KALITE KAY YO.**

Si w ap aplike pou yon TIMOUN K AP VIV NAN FANMI AKÈY, suiv enstriksyon sa yo:

Pati 1: Fè yon aplikasyon apa pou chak timoun ki nan fanmi akèy. Mete non timoun nan, lekòl, ak gred li.

Part 2: Sote pati nimewo 2 a.

Part 3: Tcheke ti kare a epi mete valè revni pou sèvis pèsonèl timoun nan pa mwa, si genyen.

Part 4: Sote pati nimewo 4 la.

Part 5: Siyen fòm nan. Yon Nimewo Sekirite Sosyal pa nesesè.

Part 6: Reponn kesyon nan pati 6 la si w vle reponn li.

Pou TOUT LÒT KALITE KAY YO, nitou kay ki nan pwogram WIC yo, swiv direktiv sa yo:

Part 1: Mete non chak timoun, lekòl ak gred.

Part 2: Tcheke ti kare ki koresponn nan, si nesesè.

Part 3: Sote pati nimewo 3 a.

Part 4: Swiv direktiv sa yo pou fè rapò revni total kay la pou mwa ki sot pase a.

Kolòn 1–Non: Mete non ak siyati **tout** moun k ap viv lakay ou, keseswa I fanmi oswa I pa fanmi (kòm pa egzamp granmè ak granpè, lòt fanmi, oswa zanmi). Ou dwe mete pwòp tèt pa ou epitou tout timoun k ap viv ansanm avèk ou. Ajoute yon lòt fèy papye si nesesè.

Kolòn 2 –Revni Brit mwa pase epi konbyen fwa ou te fè revni sa. Bòkote non chak moun mete tout kalite revni moun sa te fè mwa pase epi konbyen fwa li te fè li. Pa egzanp, *Salè nan travay*: Mete **revni brit** chak moun touche nan travay. Li pa menm bagay ak lajan ki vin nan men w. **Revni Brit se kantite lajan ou touche anvan yo pran taks ak lòt dediksyon yo.** Montan sa ta dwe make sou souch chèk ou, oubyen bòs nan travay ou kapab di w konbyen li ye. Bòkote montan an, ekri chak kilè moun nan touche li (chak senmenn, chak de senmenn, defwa pa mwa, oswa pa mwa).

Tout lòt revni: Mete montan chak moun te resevwa mwa pase, nan wèlfè, sipò timoun (*child support*), sipò moun ou te marye avè I (alimoni), (dezyèm kolòn) pansyon, retrèt, Sekirite Sosyal (twazyèm kolòn), epi TOUT LÒT SOUS REVNI (katriyèm kolòn). Nan kolòn “Tout Lòt la”, mete Konpansasyon Travayè, asistans pou chomaj, dedomajman lè grèv, Revni Sekirite Siplementè (SSI), Alokasyon Ansyen Konbatan (VA benefits), pansyon pou andikape, èd ou resevwa regilyèman nan men moun ki pa abite nan kay pa ou, epi NENPÒT LÒT REVNI. Fè rapò revni nè pou pwòp biznis pa w, plantasyon oswa revni lwave. Bòkote montan an, ekri konbyen fwa moun nan te resevwa li. Si w nan pwogram Inisyativ Privatizasyon Lojman pou Militè (*Military Housing Privatization Initiative*), pa mete alokasyon lojman sa a.

Kolòn 3–Make si pa gen revni: Si moun nan pa gen ankenn revni, tcheke ti kare a.

Pati 5: Yon moun majè nan kay la dwe siyen fòm nan epi mete Nimewo Sekirite Sosyal li, oswa tcheke ti kare a si li pa gen youn.

Pati 6: Reponn kesyon sa a si w vle reponn li.

APLIKASYON FANMI POU MANJE LEKÒL GRATIS OSWA BON MACHE**Pati 1. Timoun Lekòl (Fè yon aplikasyon apa pou chak timoun k ap viv nan yon fanmi akèy, ann angle "foster child")**

Non tout timoun nan lekòl (Prenon, Inisyal Dezyèm Non, Siyati)	Non Lekòl la	Gred	Nimewo dosye Food Stamp oubyen TANF (si gen youn). Sote ale nan Pati 5 si ou make yon # Food Stamp oswa TANF

Pati 2. Si timoun w ap aplike pou li a san kay, li te deplase al viv lwen kay pa li oswa li te sove, tcheke ti kare ki koresponn nan epi rele [your school, homeless liaison, migrant coordinator at phone #] San Kay Deplase Sove

Pati 3. Timoun k ap viv nan yon fanmi akèy

Si aplikasyon sa a se pou yon timoun ki sou reskonsablite legal yon biwo wèlfè oubyen tribinal, tcheke ti kare sa a epi apresa mete kantite revni pa mwa pou sèvis pèsonèl timoun nan: \$ _____. Sote ale nan Pati 5.

Part 4. Total Revni Brit nan Kay la—Ou dwe di ki kantite epi konbyen fwa

1. Non (Mete tout moun ki nan kay la) (Egzanp) Jane Smith	2. Revni brit ak konbyen fwa li te touche revni sa a <i>Egzanp: \$100/pa mwa \$100/derwa pa mwa \$100/chak de senmenn \$100/pa senmenn</i>				3. Si li PA gen revni Tcheke
	Salè nan travay anvan yo pran dediksyon	Wèlfè, Sipò timoun (child support), sipò ansyen mari/madamm (alimony)	Pansyon, retrèt, Sekirite Sosyal	Tout Lòt Revni	
\$200/pa senmenn	\$150/pa senmenn	\$100/pa mwa	\$_____/_____	<input type="checkbox"/>	
\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	<input type="checkbox"/>	
\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	<input type="checkbox"/>	
\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	<input type="checkbox"/>	
\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	<input type="checkbox"/>	
\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	<input type="checkbox"/>	
\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	<input type="checkbox"/>	
\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	<input type="checkbox"/>	
\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	\$_____/_____	<input type="checkbox"/>	

Part 5. Siyati ak Nimewo Sekirite Sosyal (Yon moun majè dwe siyen)

Yon moun ki majè nan kay la dwe siyen aplikasyon an. Si li te ranpli Pati 4 la, moun ki siyen fòm nan dwe mete tou Nimewo Sekirite Sosyal li oubyen oswa tcheke ti kare "Mwen pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal" la. (Gade Deklarasyon Konfidansyalite ki nan do paj sa a.)

Mwen sètifye (bay asirans ke) ke tout enfòmasyon ki sou aplikasyon sa a se verite e ke tout revni rapòte. Mwen konnen ke lekòl la pral jwenn finansman Federal sou baz enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konnen reskonsab lekòl la yo gen dwa verifye (kontwole) enfòmasyon yo. Mwen konnen si mwen bay fo enfòmasyon volontèman, timoun mwen yo gen dwa pèdi avantaj manje epitou yo kapab pouswiv mwen lajistis.

Siyen la: X _____ Ekri Non ou an lèt detache: _____ Dat: _____

Adrès: _____ Nimewo Telefon: _____

Nimewo Sekirite Sosyal: _____ Mwen pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal

Part 6. Ras ak gwooup etnik timoun yo (fakiltatif)

Make yon oswa plizyè ras:

- | | | | |
|--|---|--|--|
| <input type="checkbox"/> Azyatik | <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska | Make yon gwooup etnik: | <input type="checkbox"/> Panyòl oubyen oubyen Latino |
| <input type="checkbox"/> Blan | <input type="checkbox"/> Natifnatal Hawaii oubyen Lòt Zil Pasifik | <input type="checkbox"/> Li pa ni Panyòl oubyen Latino | |
| <input type="checkbox"/> Nwa oubyen Nwa Ameriken | <input type="checkbox"/> Lòt | | |

Ou pa dwe ranpli pati sa. Pati sa a rezèv pou lekòl la sèlman.

Annual Income Conversion: Weekly x 52, Every 2 Weeks x 26, Twice A Month x 24 Monthly x 12

Total Income: _____ Per: Week, Every 2 Weeks, Twice A Month, Month, Year Household size: _____

Categorical Eligibility: _____ Date Withdrawn: _____ Eligibility: Free Reduced Denied Reason: _____

Temporary: Free Reduced Time Period: _____ (expires after _____ days)

Determining Official's Signature: _____ Date: _____

Confirming Official's Signature: _____ Date: _____ Follow-up Official's Signature: _____ Date: _____

Timoun pa ou yo ka kalifye pou manje gratis oswa bon mache si revni moun ki rete lakay ou sitiye nan chif ki nan tablo sa a.

TABLO FEDERAL SOU REVNI			
Pou Ane Akademik			
Kantite moun nan kay la	Pa Ane	Pa Mwa	Pa Senmenn
1			
2			
3			
4			
5			
6			
7			
8			
Chak lòt moun anplis:			

Deklarasyon sou Konfidansyalite: Sa eksplike kijan nou pral sèvi ak enfòmasyon ou ba nou an.

Lwa sou Repa Eskolè Nasyonal Richard B. Russell la egzije enfòmasyon an sou aplikasyon sa a. Ou pa oblige bay enfòmasyon an, men si w pa bay li, nou pa kapab apwouve timoun ou pou manje gratis oswa manje bon mache. Ou dwe mete nimewo sekirite sosyal moun majè nan kay la ki siyen aplikasyon an. Nimewo sekirite sosyal la pa nesesè si w ap aplike sou non yon timoun k ap viv nan fanmi akèy oswa si w mete yon nimewo dosye Program Food Stamp, Program Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite yo (TANF) oubyen Program Distribisyon Manje nan Rezèv Endyen yo (FDPIR) osinon yon lòt bagay ki di timoun ou an nan FDPIR oubyen si w di ke moun majè ki siyen aplikasyon an pa gen yon nimewo sekirite sosyal. Nou pral sèvi ak enfòmasyon ou bay la pou konnen si timoun ou an elijib pou manje gratis oubyen bon mache, epi pou administrasyon ak egzekisyon pwogram manje midi ak manje maten yo. LI POSIB nou kominiye enfòmasyon sou elijibilite pa w la bay pwogram edikasyon, sante ak nitrisyon pou ede yo evalye, finanse, oubyen wè benefis pwogram pa yo, li posib nou kominiye yo bay oditè pou evalyasyon pwogram, epitou bay fonksyonè aplikasyon lalwa yo pou ede yo mennen ankèt pou vyolasyon règleman pwogram yo.

Deklarasyon Kont Diskriminasyon: Pati sa eksplike kisa w dwe fè si w panse yo te fè w abi. Dapre Lwa federal epitou politik Depatman Agrikilti Ozetazini, yo entèdi enstitisyon sa a fè distensyon sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, sèks, laj, oubyen enfimite. Pou pote yon plent pou diskriminasyon, ekri USDA, Director, Office of Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington DC 20250-9410 oswa telephone nan 800-795-3272 oubyen 202-720-6382 (pou moun ki pa ka pale oswa tandé). Ak USDA tout moun gen menm kantite chans pou ni resevwa ni travay.

KOMINIKASYON ENFÒMASYON BAY MEDICAID/SCHIP

Chè Paran/Reskonsab:

Si timoun ou resevwa manje gratis oubyen bon mache, yo gen possiblité jwenn tou asirans maladi gratis oswa pou yon pri ba nan Medicaid oswa Pwogram Leta Asirans Maladi pou Timoun (State Children's Health Insurance Program) (SCHIP). Timoun ki gen asirans maladi yo gen plis chans resevwa swen lasante regilyè epi yo gen mwens chans rate lekòl poutèt maladi.

Poutèt asirans maladi sitèlman enpòtan pou byennèt timoun yo, **lalwa pèmèt nou di Medicaid ak SCHIP timoun ou yo elijib pou manje gratis oswa bon mache, amwenske w mande nou pou n pa fè I.** Medicaid ak SCHIP sèvi ak enfòmasyon an sèlman pou idantifye timoun ki ka elijib pou pwogram pa yo. Li posib fonksyonè pwogram yo kontakte w pou ofri w enskri timoun ou yo (Lè w Aplike pou Manje Gratis oswa bon mache, li pa vle di w enskri timoun ou yo nan asirans maladi otomatikman).

Si w pa vle nou pataje enfòmasyon ou yo ak Medicaid oswa SCHIP, ranpli fòm ki anba la a epi voye l ale (Se pa poutèt ou voye fòm sa gen yon bagay k ap chanje pou timoun ou jwenn manje gratis oswa bon mache).

- Non! MWEN PA** vle yo pataje enfòmasyon ki nan Aplikasyon mwen pou Manje Gratis oswa Bon mache ak Medicaid oswa Pwogram Leta Asirans Maladi pou Timoun.

Si w tcheke non, ranpli fòm anba la a.

Non Timoun nan: _____ Lekòl li:_____

Siyati Paran/Reskonsab: _____ Dat: _____

Ekri Non w an Lèt Detache: _____ Adrès: _____

Pou plis enfòmasyon, ou ka rele [name] nan [phone].

Voye Fòm sa a nan adrès: [address] nan dat [date].

KOMINIKASYON ENFÒMASYON BAY LÒT PWOGGRAM YO

Chè Paran/Reskonsab:

Pou evite w gaspiye tan ak efò, nou ka kominike enfòmasyon ou te bay nan Aplikasyon w lan pou Manje Gratis oswa bon mache bay lòt pwogram kote timoun ou yo kapab kalifye. **Pou pwogram nou pral site yo, nou dwe gen pèmisyon pa w anvan nou kominike enfòmasyon ou yo. Se pa poutèt ou voye fòm sa gen yon bagay k ap chanje pou timoun ou jwenn manje gratis oswa bon mache.**

-
- Non! Mwen **PA** vle yo pataje enfòmasyon ki nan Aplikasyon mwen pou Manje Gratis oswa Bon mache ak ankenn nan pwogram sa yo a.

 - Wi! Mwen **DAKÒ** fonksyonè lekòl la pataje enfòmasyon ki nan Aplikasyon mwen pou Manje Gratis oswa Bon mache a ak [**mete non pwogram espesyal lekòl pa w la**].
 - Wi! Mwen **DAKÒ** fonksyonè lekòl la pataje enfòmasyon ki nan Aplikasyon mwen pou Manje Gratis oswa Bon mache a ak [**mete non pwogram espesyal lekòl pa w la**].
 - Wi! Mwen **DAKÒ** fonksyonè lekòl la pataje enfòmasyon ki nan Aplikasyon mwen pou Manje Gratis oswa Bon mache a ak [**mete non pwogram espesyal lekòl pa w la**].

Si w te tcheke wi pou kenepòt oswa pou tout ti kare ki anwo la a, ranpli fòm ki anba la a. Y ap pataje enfòmasyon pa w yo ak pwogram ou te tcheke yo sèlman.

Non Timoun nan: _____ Lekòl li: _____

Siyati Paran/Reskonsab: _____ Dat: _____

Ekri Non w an Lèt Detache: _____

Adrès: _____

Pou plis enfòmasyon, ou ka rele [name] nan [phone].
Voye fòm sa a nan adrès: [address] nan dat [date].

NOU OBLIJE VERIFYE APLIKASYON W LAN

Ou oblige voye enfòmasyon nou bezwen yo, oubyen kontakte [name] nan dat [date], sinon timoun ou yo pral sispann resevwa manje gratis oubyen bon mache.

School: _____ Date: _____

Chè _____ :

N ap verifye Aplikasyon w fè a pou Manje Gratis oubyen bon mache. Lwa federal yo egzije nou fè sa pou asire ke se timoun ki elijib sèlman ki jwenn manje gratis oswa bon mache. Ou dwe voye ba nou enfòmasyon ki pwouve ke **[names of children]** elijib. Si se posib, voye kopi, pa voye dokiman orijinal yo. Si w voye dokiman orijinal, y ap retounen yo ba w sèlman si w mande yo.

1. Si w t ap resevwa Food Stamps oubyen TANF lè w te aplike pou manje gratis oswa bon mache, osinon kenepòt lè depi ou te aplike a, voye yon kopi youn nan bagay sa yo ban nou:

- Avi Sètifikasyon Food Stamp oubyen TANF epi ki pote dat Sètifikasyon an.
- Lèt Biwo Wèlfè oswa Food Stamp te voye pou te di w ap jwenn Food Stamps oswa TANF.
- **Pa voye ban nou kat EBT ou la.**

2. Si w resevwa lèt sa a pou yon timoun ki san kay, pou yon timoun ki te deplase al viv Iwen kay pa li oswa yon timoun ki te sove, tanpri kontakte [school, homeless liaison, or migrant coordinator] pou asistans.

3. Si timoun nan se yon timoun k ap viv nan yon fanmi akèy (foster):

Voye ban nou dokiman ofisyèl ki soti nan biwo ki sipòte timoun nan.

4. Si w pa resevwa Food Stamps oswa TANF pou timoun ou yo:

A. Ekri Non ak Nimewo Sekirite Sosyal chak moun majè k ap viv nan kay la anba la a.

Non	Nimewo Sekirite Sosyal (Gade Deklarasyon Lwa sou Konfidansyalite a nan paj 2)	Li pa gen Nimewo Sekirite Sosyal
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>
_____	_____ - _____ - _____ - _____ - _____	<input type="checkbox"/>

B. Voye paj sa a ansanm ak papye yo ki montre ki kantite lajan ki antre nan kay ou ki soti nan chak sous revni.

Papye w ap voye yo dwe gen **Non** ki touche revni an, **dat** li te touche revni an, **konbyen** li te touche, ak **konbyen fwa** li te touche revni an. **Voye enfòmasyon yo nan adrès sa a: [address].**

Men ki papye nou aksepte pou:

Travay: Souch chèk oubyen anvlop ki gen ki kantite lajan ou touche ak chak kilè ou touche li; lèt travay ki di salè brit ou ak chak kilè yo peye w; osinon papye biznis oswa plantasyon tankou pa egzanp liv kontablite oswa rejis pou taks yo.

Sekirite Sosyal, Pansyon, oubyen Retrèt: lèt alokasyon retrèt Sekirite Sosyal, relve alokasyon ou te resevwa, oswa avi ki di yo ba w pansyon.

Chomaj, Enfimite, oubyen Konpansasyon Travayè: Avi ki di ou elijib ki soti nan biwo Leta pou sekirite travay, souch chèk, oubyen lèt nan Konpansasyon Travayè.

Lajan nan Wèlfè: Lèt alokasyon ki soti nan biwo wèlfè.

Sipò Timoun (Child Support) oswa Alimonî: Desizyon Tribunal, antant, oubyen kopi chèk ou te resevwa yo.

Lòt revni (tankou revni Iwaye kay): Enfòmasyon ki montre ki valè lajan ou te touche, konbyen fwa ou te touche li ak dat ou te touche l.

Moun ki pa gen Revni: Bay yon eksplikasyon tou kout sou kijan ou fè pou w bay moun lakay ou manje, abiye ak pou peye kay, epi kilè ou espere gen yon revni.

Inisyativ Privatizasyon Lojman pou Militè: Lèt oubyen kontra lokasyon ki montre ke kay ou fè pati pwogram Inisyativ Privatizasyon Lojman pou Militè a.

Tan ou genyen pou soumèt Dokiman Revni nou Aksepte yo: Tanpri tou bay papye ki montre revni ou nan moman w ap aplike. Si w pa gen enfòmasyon sa a ou gen, soti nan lè aplikasyon an jouska lè verifikasiyon an pou w kapab soumèt papye yo.

Si w gen kesyon oswa w ta vle yo ede w, tanpri, rele [name] nan [phone number]. Ou p ap peye pou apèl la. **[Toll free or reverse charge explanation].**

Sensèman,

[signature]

Deklarasyon sou Konfidansyalite: Lwa sou Repa Eskolè Nasyonal Richard B. Russell la egzije enfòmasyon an sou aplikasyon sa a. Ou pa oblige bay enfòmasyon an, men si w pa bay li, nou pa kapab apwouve timoun ou pou manje gratis oswa manje bon mache. Ou dwe mete nimewo sekirite sosyal tout moun majè k ap viv nan kay la. Nimewo sekirite sosyal la pa nesesè si w ap aplike sou non yon timoun k ap viv nan fanmi akèy oswa si w mete yon nimewo dosye Pwogram Food Stamp, Pwogram Ed Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite yo (TANF) oubyen Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèv Endyen yo (FDPIR) osinon yon lòt bagay ki di timoun ou an nan FDPIR oubyen si w di ke moun majè ki siyen aplikasyon an pa gen yon nimewo sekirite sosyal. Nou pral sèvi ak enfòmasyon ou bay la pou konnen si timoun ou an elijib pou manje gratis oubyen bon mache, epi pou administrasyon ak egzekisyon pwogram manje midi ak manje maten yo.

Deklarasyon Kont Diskriminasyon: Pati sa eksplike kisa w dwe fè si w panse yo te fè w abi. Dapre Lwa federal epitou politik Depatman Agrikilti Ozetazini, yo entèdi enstisyon sa a fè distensyon sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, sèks, laj, oubyen enfimite. Pou pote yon plent pou diskriminasyon, ekri USDA, Director, Office of Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington DC 20250-9410 oswa telephone nan 800-795-3272 oubyen 202-720-6382 (pou moun ki pa ka pale oswa tandé). Ak USDA tout moun gen menm kantite chans pou ni resevwa ni travay.

NOU TE VERIFYE APLIKASYON W LAN

School: _____ Date: _____

Chè _____:

Nou te verifye enfòmasyon ou te voye yo pou pwouve ke [names of children] elijib pou manje gratis oswa bon mache epi nou te deside ke:

- Elijibilite timoun ou yo pa te chanje.
- Apati dat [date], elijiblite timoun ou yo pou manje pral chanje, **soti nan manje bon mache ale nan manje gratis** paske revni ou yo sitiye nan chif elijiblite pou manje gratis. Timoun ou yo p ap peye anyen pou manje.
- Apati dat [date], elijiblite timoun ou yo pou manje pral chanje, **soti nan manje gratis ale nan manje bon mache** paske revni ou yo pi wo pase limit la. Pri manje bon mache yo se [\$] pou manje midi ak [\$] pou manje maten.
- Apati dat [date], **timoun ou yo pa elijib ankò** pou manje gratis ak manje bon mache pou rezon sa (yo):
 - ____ Dosye yo montre ou pa te resevwa Food Stamps, oswa TANF.
 - ____ Dosye yo montre timoun nan/yo pa timoun san kay, li pa t sove ni li pa te deplase al viv lwen kay pa li.
 - ____ Revni ou yo pi wo pase limit elijiblite pou manje gratis oswa bon mache.
 - ____ Ou pa te bay: _____
 - ____ Ou pa te voye yon repons pou sa nou te mande w.

Manje koute [\$] pou manje midi ak [\$] pou manje maten. Si revni k ap antre nan kay ou bese oubyen si kantite moun k ap viv nan kay ou ogmante, ou mèt aplike ankò.

Si w pa te bay prèv ou elijib kounyeya, nou pral mande w fè sa si w ap aplike ankò.

Si w pa dakò ak desizyon sa a, ou mèt pale sou sa ak [name] nan nimewo [phone]. Se dwa ou tou pou yo tanke ka pa ou la san paspouki. Si mande pou yo tandé ka w la nan dat [date], timoun ou yo pral kontinye resevwa manje gratis oubyen manje bon mache jouskaske rèsksab yo pran yon desizyon. Pou mande yon reyinyon pou yo tandé ka w la, ou mèt telefonnen oswa ekri: [name], [address], [phone number].

Sensèman,

[signature]

Deklarasyon Kont Diskriminasyon: Pati sa eksplike kisa w dwe fè si w panse yo te fè w abi. Dapre Lwa federal epitou politik Depatman Agrikilti Ozetazini, yo entèdi enstisyon sa a fè distenksyon sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, sèks, laj, oubyen enfimite. Pou pote yon plent pou diskriminasyon, ekri USDA, Director, Office of Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington DC 20250-9410 oswa telephone nan 800-795-3272 oubyen 202-720-6382 (pou moun ki pa ka pale oswa tandé). Ak USDA tout moun gen menm kantite chans pou ni resevwa ni travay.